Внеочередном порядке осмотры проходят лица, у которых подозрения на туберкулез, живущие с беременными женщинами и новорожденными, призываемые на военную или другую службу и лица, у которых ВИЧ-инфекция установлена впервые.

В целях раннего выявления туберкулеза детям (с 12-месячного возраста до I8 лет) ставят пробу Манту 1 раз в год, независимо от результата предыдущих проб. Детям, не вакцинированным против туберкулеза, по медпротивопоказаниям, пробу Манту ставят с 6-ти месяцев 2 раза в год. Манту не ставят на дому, а также в детских коллективах в период карантина по инфекционным заболеваниям. Если есть положительная реакция, т.е. папула 5 мм и более, то детей направляют к фтизиатру в диспансер. Таких детей на время не допускают в детский коллектив. Пропуском в коллектив в этом случае служит заключение фтизиатра об отсутствии туберкулеза. Для подростков (до 18 лет) ежегодно проводят флюорографию (профилактическое) и ставят Манту 1 раз в год. Если подростки учатся, работают, то диагностику проводят в медкабинетах данных организаций, если они не работают, пробу Манту ставят в поликлинике по месту жительства. В течение 6 дней с момента постановки пробы Манту направляют на консультацию к фтизиатру в противотуберкулезный диспансер по месту жительства подростков:

с первой положительной реакцией на туберкулин (инфильтрат 5 мм и более), не связанной с предшествующей иммунизацией против туберкулеза;

с гиперреакцией на туберкулин – инфильтратом 17 мм и более, или меньших размеров, но везикулонекротического характера;

нарастанием чувствительности к туберкулину – увеличение инфильтрата на 6 мм и более в течение года.

Не рекомендуется допускать к работе (учебе) подростков, направленных на консультацию в тубдиспансер, если они не представили (в течение месяца) заключение об отсутствии туберкулеза.

Флюорографический осмотр проводят подросткам в возрасте 15 и 17 лет. Если подростки имеют неспецифические заболевания (о них уже было сказано), то осмотр проводят 2 раза в год (чередуя разные методы). Если подростки состоят на учете в нарко-психиатрических учреждениях или инфицированы ВИЧ, то их нужно обследовать 2 раза в год. При выявлении патологии их направляют в тубдиспансер по месту жительства. Подростков с симптомами, указывающими на возможное заболевание туберкулезом (легочные заболевания затяжного характера, экссудативный плеврит, подострый и хронический лимфаденит, узловатая эритема, хронические заболевания мочевыводящих путей и т.д.), направляют на консультацию к фтизиатру.

*З.М. МАГОМЕДОВА, врач-фтизиатр.*

## *Передача администрирования*

Пресс-служба Фонда социального страхования сообщает, что в соответствии с Указом Президента Российской Федерации от 15.0.2016 г. № 13 «О дополнительных мерах по укреплению платежной дисциплины при осуществлении расчетов с Пенсионным фондом Российской Федерации. Фондом социального страхования Российской Федерации и Федеральным фондом обязательного медицинского страхования» приняты федеральные законы, изменяющие действующий порядок администрирования и уплаты страховых взносов во внебюджетные фонды: Федеральный закон от 03.07. 2016 г. № 243-ФЗ, Федераль ный закон от 03. 07. 2016 г. № 250-ФЗ. В соответствии с данными нормативными актами, полномочия по администрированию страховых взносов по обязательному социальному страхованию на случай временной нетрудоспособности и в связи с материнством передаются с 1 января 2017 года налоговым органам. С подробной информацией для страхователей об изменениях в связи с передачей полномочий по администрированию страховых взносов можно ознакомиться в разделе «Информация для страхователей» по ссылке http://fss.ru/ru/insurance/index.shtml.

*Н.В. ЖАБИН.*

**Страховая компания АО«МАКС-М» напоминает: граждане обязаны заботиться о сохранении своего здоровья!**

***Уважаемые земляки!***

В нашей стране не первый год проводится скрининговое обследование населения для выявления заболеваний, являющихся основными причинами инвалидизации и смертности -сердечнососудистые, онкологические, органов дыхания, пищеварения и другие. Осознайте ответственность за свое здоровье сегодня!

Обратитесь к участковому врачу поликлиники, к которой вы прикреплены для облуживания!

Обследования и осмотры проводятся в максимально короткие сроки.

**В 2017 году приглашаем на диспансеризацию граждан 1996,1993,1990, 1987, 1984, 1981, 1978, 1975, 1972, 1969, 1966, 1963,1960, 1957,1954,1951, 1948,1945,1942,1939,1936,1933, 1930,1927, 1924,1921,1918 годов рождения.**

*Начальник тер. отдела АО «Макс-М»*
*С.М. АЛИСУЛТАНОВ.*

# Опровержение

Объявление, опубликованное в газете «Чапар» (№12 от 27 марта 2017г.) о проведении публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка «Урус-нух» площадью 3000 кв.м. от имени главы администрации СП «село Дылым» И.М. Магомедова, считать недействительным.

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Диплом ОУ ВПО №0621541, выданный институтом теологии и международных отношений имени мама дибира Ар Рочи в 2010 году на имя **Эмеевой Саиды Камиловны**, считать недействительным.

## ИНФОРМАЦИЯ
### *о независимой системе оценки качества оказания услуг организациями социальной сферы Республики Дагестан*

В соответствии с Федеральным законом от 21 июля 2014 года № 256-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам проведения независимой оценки качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» и постановления Правительства Республики Дагестан от 13 августа 2015 года № 239 «О независимой оценки качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» Министерством труда и социального развития Республики Дагестан, Министерством образования и науки Республики Дагестан, Министерством культуры Республики Дагестан, Министерством здравоохранения Республики Дагестан проведена работа по формированию независимой системы оценки качества работы в соответствующих сферах деятельности.

Главам администраций муниципальных районов и городских округов Республики Дагестан также рекомендовано провести работу по формированию независимой системы оценки качества работы в муниципальных учреждений, оказывающих социальные услуги.

В целях повышения качества работы государственных учреждений, оказывающих услуги населению в сфере социального обслуживания, а также повышения открытости и доступности информации о деятельности Министерств и организаций, оказывающих социальные услуги, обеспечения взаимодействия с общественными организациями, иными некоммерческими организациями, экспертами по вопросам повышения качества работы организаций, профилактике причин, порождающих коррупцию, и противодействие условиям, способствующим ее возникновению и (или) распространению приказами Министерств созданы Общественные советы по вопросам формирования независимой системы оценки качества работы в соответствующих сферах деятельности.

Для повышения качества работы государственных учреждений, оказывающих услуги населению проводятся заседания Общественного совета по вопросу формирования независимой системы оценки качества работы учреждений, оказывающих услуги, на которых определены цели и основные задачи. Также в целях определения критериев эффективности работы организаций, оказывающих услуги, которые характеризуют открытость и доступность информации об организации, оказывающей услуги, комфортность условий и доступность получения услуг, доброжелательность, вежливость и компетентность работников организации, оказывающей услуги, членам Общественного совета предоставлены для изучения перечень подведомственных Министерствам учреждений, нормативные правовец акты, уставы бюджетных и казенных учреждений. Кроме того, утверждены Планы мероприятий по определению качества и эффективности работы организаций, оказывающих услуги. Созданы комиссии по независимой оценке качества учреждений, оказывающих услуги. Также определены критерии независимой системы оценки качества работы учреждений, подготовлены ряд предложений по повышению качества предоставления социальных услуг, а также подготовлены опросные листы, для изучения общественного мнения.

Для обеспечения открытости и доступности информации о деятельности подведомственных Министерству труда и социального развития Республики Дагестан государственных учреждений для граждан-получателей услуг обеспечено размещение на Официальном сайте в сети «Интернет» (www.bus.gov.ru) информации, установленной приказом Минфина России от 21 июля 2011 года № 86 н. На Едином портале государственных (муниципальных) услуг размещена информация о государственных услугах, предоставляемых подведомственными Минтруда РД учреждениями социального обслуживания населения (www.gosuslugi.ru).

На официальном сайте Минтруда РД (www.dagmintrud.ru) размещены Перечень показателей оценки качества работы организаций социального обслуживания населения, рекомендуемых для использования при проведении независимой оценки качества работы и Перечень информации и документов, рекомендуемых к размещению организациями социального обслуживания на информационных стендах, в средствах массовой информации, сети «Интернет». Также на указанном сайте размещен Примерный образец анкеты по анализу удовлетворенности качеством оказания социальных услуг в организациях социального обслуживания.

Общественным советом при Минтруда РД осуществляется мониторинг общественного мнения по вопросу качества социальных услуг, оказываемых подведомственными учреждениями социального обслуживания населения, результаты которого обрабатываются, и используются, в том числе при составлении независимого рейтинга учреждений социального обслуживания населения.

В целях изучения и мониторинга общественного мнения по вопросу качества социальных услуг подготовлены и размещены на официальных сайтах организаций опросные листы (анкеты). Кроме того, уполномоченными органами в сфере социального обслуживания населения, культуры, здравоохранения и образования размещена информация о результатах независимой оценки качества оказания услуг организациями за 2016 год на официальном сайте в информационнотелекоммуникационной сети «Интернет» www.bus.gov.ru., а также утверждены и размещены на своих официальных сайтах Перечни организаций, **в отношении которых 2017 году** будет проведена независимая оценка качества оказания социальных услуг, предусматривающая оценку условий оказания услуг по критериям, которые характеризуют открытость и доступность информации об организации, оказывающей социальные услуги; комфортность условий и доступность получения услуг, в том числе для граждан с ограниченными возможностями здоровья; время ожидания в очереди при получении услуги; доброжелательность, вежливость и компетентность работников организации, оказывающей социальные услуги; доля получателей услуг, удовлетворенных качеством обслуживания в организации.

Кроме того сообщаем, что в целях соблюдения единых методологических подходов и требований, установленных законодательством Российской Федерации, при проведении независимой оценки качества оказания услуг организациями социальной сферы Минтрудом РД представлен на утверждение в Правительство Республики Дагестан План работ по повышению качества оказания услуг организациями, оказывающими социальные услуги в сфере социального обслуживания, охраны здоровья, культуры и образования Республики Дагестан по результатам проведенной независимой оценки качества в 2016 году.

По результатам независимой оценки качества оказания услуг организациями социальной сферы, ведомственными нормативными актами утверждены планы по совершенствованию деятельности организаций в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования, предусматривающие мероприятия, как по поощрению, так и к привлечению к дисциплинарной ответственности руководства организаций, занимающих высшие и низшие места в рейтингах.

# Казбековское лесничество предупреждает

***Уважаемые граждане Казбековского района!***

Напоминаем, что Постановлением правительства РФ от 10 ноября 2015 года №1213 «О внесении изменений в Правила противопожарного режима в Российской Федерации» введен запрет на выжигание сухой травянистой растительности на землях сельскохозяйственного назначения и землях запаса, а также возле автомобильных и железных дорог (полосах отвода и охранных зонах), путепроводах и продуктопроводах.

В этом году в нескольких районах нашей республики уже зарегистрированы лесные пожары, возникшие из-за выжигания сухой травы на землях сельскохозяйственного назначения.

Российским законодательством предусмотрена административная и уголовная ответственность за несанкционированные поджоги сухой травы.



В частности, статья 8.32 кодекса РФ об административных правонарушениях предусматривает наказание в виде штрафа

на граждан в размере от 3000 до 4000 рублей,

на должностных лиц - от 15000 до 25000 рублей,

на юридических лиц - от 150 000 до 250 000 рублей.

Ст.261 Уголовного кодекса РФ предусматривает наказание - штраф в размере от 500 тысяч до 1 миллиона рублей, либо лишение свободы на срок до 8 лет со штрафом от 200 тысяч до 500 тысяч рублей.

Не выжигайте сухую траву на полях, огородах! Это может привести к лесному пожару! Осторожно обращайтесь с огнем при отдыхе на природе! Не оставляйте не потушенным костер!

При обнаружении лесного пожара немедленно сообщайте работникам лесного хозяйства или в ЕДДС по номеру - 2-13-12 со стационарного телефона, 112 - с мобильного телефона.

*ГКУ «Казбековское лесничество».*

# ВСЁ БОЛЬШЕ И БОЛЬШЕ...

Молодёжь нашего района всё больше и больше «втягивается» в спорт. Этому способствуют- большой любитель спорта, глава района Г.Г. Мусаев, спортшкола имени М.М. Азаева, спорткомитет, ДРОО «Молодёжь Казбековского района» и другие.

Так, недавно у нас прошёл фестиваль ГТО, участники которого выезжали в г. Махачкала для закрепления своих спортивных достижений.

23-24 марта в спортшколе имени М. Азаева впервые прошёл Всероссийский турнир по вольной борьбе, на котором участвовали борцы не только регионов России, но и ближнего зарубежья. Командное первое место наших борцов на этом турнире говорит о многом.

26 марта в г. Махачкала состоялось открытие первого турнира по мини-футболу среди студенческой молодежи нашего района. На турнире приняли участие 14 студенческих команд поселений района. В открытии турнира участвовали – глава района Г.Г. Мусаев, именитые спортсмены: Т. Уланбеков, К.Касумов, М. Махмудов, Н. Сайгитов, Д. Меджидов и другие.

Им были вручены Благодарственные письма и футболки от ДРОО «Молодёжь Казбековкого района».

Победитель мини -футбола будет выявлен по итогам игр, которые пройдут каждое воскресенье в течение трёх месяцев.

***К. АБДУЛАЕВ,***
***председатель ДРОО «Молодёжь Казбековского района».***

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Санитарно-эпидемиологическое заключение 05.06.03.000. М.000032. 05.13. от 14.05. 2013 года на медкабинет МКОУ «Дубкинская СОШ», в связи с утерей, считать утратившим силу.

***ТО Роспотребнадзор РД.***

*Рек1ел ах1и*

# РуцIун чIезе бегьуларо

2016 соналъул 18 ноябралда къватIибе биччараб «ХIакъикъат» газеталъул 46 номералда бахъун букIана «РуцIун чIезе бегьуларо» абураб бетIералда гъоркь, чIварал журналистал ракIалдещвей мурадалда, тIобитIараб данделъиялъул хIакъалъулъ бицен гьабураб макъала.

Гьеб макъалаялда бицун буго, гьел журналистазул мурадлъун букIараблъи такъсирчилъиялде дандекъеркьей ва ритIухълъи цIуни.Дагъистаналъул халкъалда гъоркьор жидерго къалмие мутIигIал, гьересиялде данде рагъ лъазабурал мухбирзабилъун рукIиналъ такъсирчагIаз гьезде квер борхараб -лъиги. Лъани щиб, гьедин жамагIат буцIун, гIодобе биччан чIун бугебгIан заманалда щибго жо нилъер улкаялда хисизе гьечIо. Хисула ритIухълъиялде жамагIатги бачани бажаризе ккани, гьезулгун цIубараб, щвалде щвараб хIалтIиги гьабуни, жамагIаталдехунисеб божилъи жидерги цIикIкIани. Жидеде божилъиги гьабун жамагIаталъ тарал гIадамаз гьаризе кколел бичIчIенкьеялъул хIалтIабиги гьаруни.

«Гьенир, чара гьечIого, хIажалъула берцинаб бербалагьи жидедехун бижизабун бажарулеб, тIад ругезул къимат гьабулеб жамагIатги жамагIаталъул къимат гьабулел тIадчагIиги. КIваркьун, балагьизе ва гIенеккизе ккола цоцазухъ. РичIчIине ккола цоял цоязда. Нилъан абуни, щибаб гьабулеб жоялъулъ тохго, гIодоре риччан чIола, цогидавги вачIун, гьес гьеб нилъее гьабизе бугеб гIадин. Гьединго, нилъеда бажаризе ккола гьабураб хIалтIуе заманалда кколеб къимат къунги. Россиялъул Президент В.В.Путиница абулеб буго: «Нилъ ругьунлъун руго нижер жамагIат гьечIинги абун, сихI тун, ккараб ккайинги абун чIезе. Гьелъ, жамгIияб хIаракатчилъиялдаса махIрум гьарулел руго гьелъие мустахIикъал гIадамал», - ан. Гьединаб жавабчилъи гьечIолъиялъ нилъ рачуна, хасго гIолилал чурукабщинаб жоялде.Нилъеда бицуна рагIуна наркоманиялъулги коррупциялъулги. Гьеб буго рагьараб тема. Бицани щиб, гьелда сверухъ, чIван къотIун, хIалтIи гьабун яги гьабураб хIалтIи жамагIаталъе бицунев чи гьечIеб мехалда. Гьабулеб батаниги, тIубан рагIалде бахъараб хIалтIи бихьулеб гьечIеб мехалда.

Цо чанго сон цебеккун В.В.Путинилгун букIараб рагьараб гара-чIвариялда, гьесие цо суал кьуна Дагъистаналдаса чияс, гьаниса ВатIан цIунизе армиялде гIолохъаби ритIулел ругин гIарацги босунан абун. Гьелда тIад релъанхъана В.В.Путингун залалда рукIарал къватIиса хIукуматалъул вакилзабигицин, ВатIан цIунизе гIарац кьун гурони, гIолохъаби ритIулареб хIукуматищха кколеб Россиялинги абун. Бихьулищха иш ккун бугеб бакI? Нилъго нилъеца цIунизе гIарацги кьезе кколеб бугеб.

Гьелдалъун гьеб хабар къокълъизе бокьун букIана халкъалъе. БукIани щиб, жакъаги гьеб къокълъун гьечIеб мехалда. Щайха гьеб гьедин бугеб? Щайгурелъул, гьеб гьедин букIин бихьулел хIакимзабаз хIалтIи гьабулеб гьечIогун, цадахъго халкъги буцIун чIун. Щивас дие щаян тун. Гьелде тIадеги, иш бажаруларел, гьелъие жидер гьунар гьечIел гIадамал хIалтIабазда цIунун тун рукIинги. Наркоманиялъулги бицуна буго, амма гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIиян абуни гIей гьечIеб буго. Щай гьелдехун рокьи бугел чагIи къватIир загьир гьаруларел? Халкъалъ гьезие битIараб къимат кьейи гурищ кколеб, бичIчIенкьеялъул хIалтIи ва гьелде данде цадахъ рахъун гьабулеб рагъ.

БакIал ккун букIаго, абизе бокьун буго цоги гьадинаб жо. I марталда муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI.ХI.Мусаевас, Ленинаул росдал «Гьудуллъи» СПК-ялъе нухмалъулезе гьарурал бадибчIваял ритIарал ругониги кватIунгицин руго. Бокьилаан тIолалго росдал магIишатазде, рейдалги гьарун, щивав хIакимасе кколеб къимат кьезе, балагьизе, щиб гьабулел гьел ругелали. Регунищ, яги рахъунищ. Бегьуларо руцIун чIезе. Заман щун буго бихараб магIишат цIи гьабизе. Щибаб жо жиндир бакIалда лъезе. ЖамагIаталъулгун цадахъ рекъон хIалтIи гьабизе.

*Халид МУХIАМАДОВ,*
*захIматалъул ветеран, Дилим росу*

# ЦIияб гIумруялде рачIаралдаса

Къоло ичIго сон гIолеб буго нилъ цIияб гIуцIиялде ва базаралъулаб экономикаялде рачIаралдаса.В.В. Путин нилъер улкаялъул нухмалъулевлъун ккаралдаса, лъикIаб рахъалдехун, гIезегIанго хиса-басиял лъугьана. Нилъее рес щвана, рагьун дин гьабизе, мажгитал мадрасал рагьизе ва исламияб гIелму тIалаб гьабизе.

Къойидаса-къойиде лъикIлъулеб буго гIадамазул рукIа- рахъин, цIикIкIана пенсияби, пособиял. ЦIияб заманалъул тIокIлъилъун лъугьана рагьун рищиял тIоритIи. Гьединго, рукIалиде ккана цебе къанагIатаблъун букIараб жамгIияб транспорталъул рахъ. Амма гъварилъуде раккани, гьел лъикIал рахъазда цадахъго, ратулел руго квешал рахъалги.

**Масала:** Шагьаразда рана, батIи-батиял цIаралги лъун,тIаса берцинал, дагьалго жанирегIан раккани, чороклъиялъул рагIа-ракьан гьечIел рукъзал. Цо-цо идарабазул хIакимзабаз тIалаб-агьаз гьабулеб гьечIо хIалтIухъабазул, кIочон толеб буго гьезул яшав - хIал цIехезе. Ургъел гьабулеб гьечIо жидерго кисаялъул гурони.

Дир пенсиялде тIаде гъурущ бачIани, гьелдаго цадахъ багьалъулел руго кванил нигIматал, тIабигIияб газ,ток. Падатлъун лъугьун буго рищват боси, гьеб кьейи. Щибаб заманалъул тIокIлъилъун лъугьарал рищиялин абуни, соналдаса-соналде чороклъулел руго.

2016 соналъул рищиялин абуни, гIадамазда ричIунарел ва нахъе бакI тIагIун, чорокал рукIана. ГIолеб гIелалъулги, тIалаб-агьазго гьабулеб гьечIо. Гьезул къварилъабазде тIаде ваккулев чиго вихьулев гьечIо. ГьечIо гьезие хIалтIи, бугелги руго цо бечедав чиясда цере лагъзаллъун хIалтIулел. Кьолел гьечIо гIолилазе минаби разе ракьул участкаби, гIолохъанал хъизабазул лъималазе щолел гьечIо лъималазул-ахазда бакIал.

Амма газеталгун журналаздасан гIолилазул хурибе гьегъ балел чагIи гIемерал руго. Гьаб нилъер гIадаб тIаса берцинаб, жаниса гьодораб гIумру гIолеб гIелалъе ирсалъе щвеларедухъ, лъикIаб букIинаан, тIоцебесеб иргаялда, гьезие хIалтIизе бакIал чIезаруни, хадусеб иргаялда, гIелму тIалаб гьабизе, махщалилаллъун рахъине ресал ратани, школазул программаялде гъорлъе дин-исламалъул дарсал кьейи ккезабуни.

Гьеб мехалда лъималазда, гъваридго лъала исламияб дин. Гьеб лъай щварал лъимал гIун хадур рукIина сундулъго ракIбацIцIадаллъун ва эбел-инсул адаб-хIурмат гьабулеллъун. Гьел инаро рохьазде, тIагIина гьекъел - мехтел, зина, цIогь, рищват ва цогидалги нилъер обществоялде данде кколарел пишаби.

*МухIамад БАЗАЕВ.*

# ШагIиргун дандчIвай



Дагъал церегIан къояз Хубар росдал гъоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз ва мугIалимзабаз гьоболлъухъе ахIун йикIана росуцояй, шагIир, лъабго тIехьалъул автор Париза Гереева. КIудияб хIурматалда къабул гьаюна нижеца нижерго росдал чIухIилъун кколей, Париза Асрудиновна.

Гьаб сагIат гьей хIалтIулей йиго Хасавюрт шагьаралъул маг1арул мацIалда бахъулеб «НасихIат» газеталъул редакторлъун. Жавабияб хIалтIи букIаниги, Паризаца рес батана росулъе ячIине.

ЦIалдохъабаз ва мугIалимзабаз цIалана Паризал куч1дул, гьелъул раг1абазда ахIана кучIдул. Театралияб кружокалъул гIахьалчагIаз бихьизабуна Паризал «Къисмат» т1ехьалдаса сценка.

ШагIиралъул творчествоялъул гьениб бицана школалъул директор М.А. ГIисакъовас, мугIалимзаби: Б.С. ПирахIмаеваль, З.А.ГIазизоваль.

Байбихьул классазул мугIалим А.А.Шахбановаль цIалана Паризаде жинцаго хъвараб кечI.

Данделъи ахиралда щвана Париза Гереевалъ тадбир г1уц1аразе, гьелда г1ахьаллъаразе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабиялдалъун ва цIалдохъабазегун муг1алимзабазе жиндирго т1ахьал сайгъат гьариялдалъун.

*Хубар росу, учительзабазул коллектив.*

# Гьарулеб буго...




Республикаялъул роцада гуревги,гIагараб ракь лъазабиялда тIад хIалтIулев,нижер штаталда гьечIев мухбир Хасавюрталдаса Болатхан Халилулаевас хъвалеб буго: «2005 соналъ биччараб «ЦIарккун рехсезин» ( «Назовём поименно») абураб цIаралда гъоркь риччарал тIахьазул VI-аб. томалда рехсон ругин, цересел томазда рехсечIел,Казбек районалдаса ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъарал гIадамазул цIарал»,-ан.

**Гьале гьезул сиях1:**

**1.Дада ГIабдулмаликов**.Гьавуна 1923 соналъ Гуни росулъ. 1943 соналъул марталда чIвана Краснодар краялъул Туапсе шагьаралда.

**2.АхIмадхан Алданов.**Гьавуна 1942 соналъ Алмахъалда.ЧIван вуго Калининград областалъул, Багратион районалъул Пятидорожное росулъ.

**3.ГIабдукъадир ГIалиев**.Гьавуна 1919 соналъ Алмахъ росулъ. 1942 соналъ,араб бакI лъачIого, тIагIана.

**4.Хайрула ГIамирханов.**Гьавуна 1905(1908) соналъ Алмахъалда. Араб бакI лъачIого,тIагIун вуго 1942 соналъул июлалда.

**5.Хадир Бесилов.**Гьавуна 1920 соналъ Алмахъалда. 1942 (?) соналъул июлалда,араб бакI лъачIого, тIагIана.

**6.Губаев(Гъубаев?)** МухIамад Хасбулатович. Гьавуна 1913 соналъ Казбек районалда. Росу лъаларо. ЧIван вуго 1941 соналъул августалда. Вукъун вуго Мурманск областалъул 314.9 борхалъиялда бугеб11-аб. хобалъув.

«1943 соналъул 11 сентябралда бахъараб «Дагестанская правда» газеталда хъван буго»,-ян хъвалеб буго Халилулаевас.

«Казбек районалъул гIолилаз, гъунисезул комсомольцаздаса мисалги босун, бакIарулеб буго кьер бугеб махх. Нилъер армиялъ Таганрог шагьар тушманасдаса эркен гьабиялъул хIурматалда, **«Щуго сонилаб план-ункъо соналде»** колхозалъул комсомольцаз оборонаялъулаб промышленносталъе 70 кг. пахъул тIагIел-гIучI кьуна»,-ян. **(Ичк1а росдал комсольмолцал)**

Гьеб ишалда гьоркьор рукIарал яги гьелъул хIакъалъулъ рагIарал гIадамал нужер районалда ратизе бегьула.

***Гьединазде гьарула гьаб номералде 89285233120 ахIеян. Бокьилаан рагьде арал ва жидер хIакъикъат лъалarезул хIакъалъулъ цIехолелгунги бухьен букIине.***

*Б.ХАЛИЛУЛАЕВ, Хасавюрт шагьар.*

# Садакъа кьезе бищунго хирияб бакI щиб?




Садакъа кьейи цIакъ хирияб жо букIин лъаларев чи вукIинаро. Лъеца цIа свине гьабулеб гIадин, садакъаялъ Аллагьасул ццин бахъин свине гьабула, балагьалги нахъчIвала. Садакъа кьезе хирияб буго нилъ жидеда лъалел, жидер нилъеде хьул лъолеб бакIалде, мадугьазалбазе, гIагарлъиялъе, ричIада ругониги, мискинал факъиразе, ятимзабазе. Жиндирго агьлуялъе гьабураб садакъа бищунго хириябиланги буго. Масала, жив гIадас хьихьараб къагIидаялда хъизан-лъимал фарз буго. Гьелдаса тIадехун гьезие гIатIилъи - эркенлъи гьаби, ай, тарафугь гьаби суннатаблъун букIуна. Сафаралдаса рукъове вачIунаго, лъимал-хъизан, сайигъат босун, рохизе гьари, чIимих-камфеталдалъун бугониги, ясикIо босун бугонигицин, лъималазе гьеб бищун хирияб садакъаян абулел гIалимзаби руго.

Цо чи вачIун вуго Аварагасухъе (с.гI.в.), гьесги абун буго жиндасан цIакъ кIудияб мунагь ккун буго абун. Щиб гьеб мунагь абун Аварагас (с.гI.в.) гьикъидал, дун гьеб бицине нечолаян абун буго гьев чияс. ТIад - тIад вуссун, гьикъаниги, гьес гьеб бицинчIелъул, бицине дихъа нечолев мун гьеб мунагь гьабизе Аллагьасдаса кин нечечIеванги абун, Аварагас (с.гI.с.) гьев чи нахъе витIун вуго. Гьев чи ун хадув вачIун ЖабрагIил малайкас абун буго Аварагасде (с.гI.с.): «Дов чиясул мунагьалъе тавбу букIана»,-абун. «Щиб мунагь досул букIараб?»-абун Аварагас (с.гI.с.) гьикъидал, мунагьги бицун, абун буго: «Дов чиясул рукъор руго гIисинал лъимал, сундалъун бугониги гьел рохизе гьари букIана досие тавбу»,- ян абун буго ЖабрагIилас. Ай, мунагь букIунеб буго, лъимал рохизе гьариялдалъун гурони, жиб чурулареб. Цоги мунагь букIунеб буго хIалалаб нухалдалъун лъимал-хъизан хьихьизе магIишат гьабулаго бихьараб гъийналъ гурони жиб чуруларебгицин.

Жинда Аллагь разилъаяй Аварагасул (с.гI.с.) ГIаишатица цо гъараваш йичун йосун йиго, цинги вачIун ЖабрагIил малайкас Аварагасда(с.гI.с.) абун буго: «Гьей гъараваш нахъе йитIе, гьей жужахIалъул агьлу йиго»,- ян абун буго. Цинги ГIаишатица, къватIиса йитIулаго, гьелъухъе кьун буго цо чамасдакI. Гьеб чамасдакIалъул бащдабги кванан, нухда инаго ватарав гьардохъанасе кьун буго гьелъ хутIараб бащдаб чамасдакI. Цинги ЖабрагIил малайк вачIун вуго Аварагасухъе (с.гI.с.) ва абун буго: «Дой гъараваш рукъое тIадюссине гьае, гьадаб бащдаб чамасдакIалъул садакъаялъ Аллагьас гьей Алжаналъул агьлулъун гьаюна»,-ян абун. Нух-кьоялъе, лъим бахъулеб бакIалде, мажгидалъе кумекалъе кьезе бегьула садакъа.

Къокъго абуни, садакъаялъул кири цIикIкIин, мустахIикъаб бакIалде ккейи хал гьабун букIуна. Амма гьаб заманалда хасго садакъа-хайраталъе мустахIикъаб агьлу мутагIилзаби руго. Гьезие кьураб садакъаялъул кири анкьнусиде бахинегIан цIикIкIине гьабула. Гьел мутагIилзаби къваригIарал чагIиги гьечIо жакъа. МутагIилзаби гьечIони, гIалимзаби рукIунаро, гIалимзаби гьечIони, гIалам пасалъула, дин хараблъула. Дунялалъул магIишаталда хадур лъугьинги гьечIел, тIеренабго магIишаталдаги ругел, гIелмуялда хурхарал, гьеб тIаса бищарал мутагIилзабиги мударисалги - гьаздаса садакъаялъе мустахIикъаб агьлу дида лъаларо. Гьаб нилъеца бицунеб садакъаялдасан мурад буго - «табаругI», ай суннатаб садакъа. Гьалдаго релъун, закат-сахIалъеги бищунго мустахIикъаллъун ккола мутагIилзаби, балугълъиялде рахарал ва жидедасан халкъалъе мунфагIат-хайир бугел, букIиналде божи-хьул бугелги рукIингун цадахъ. МутагIилзабазул ва мударисзабазул хиралъи, гьезие гьабулеб кумек, садакъаялъул хиралъиги хъван, т1убараб тIехь гьабизе бегьила, кинниги, гьеб бицараб къадаралъги гIей гьабила, иншааЛлагь.

## Пенсия васияталъеги,садакъа-хайраталъеги гъулароян абиялъе гIиллаго дида лъаларо. Бикъулаги гьечIони, хъамулаги гьечIони, хIалица бахъулаги гьечIони, сундалъун гъоб бегьулареб?

**Пенсия бокьараб жоялъе хIалтIизе гьабизе бегьула.** Пенсиялъе бачIараб гIарацалдасаги бацIцIадаб мал бугев чи ватани, гьелъул гьабеха васият. Пенсия васияталъе бегьулароян абулев чиясда лъалеб гьечIо, хун хадуб васияталъе бегьулареб бацIцIадаб гуреб мал, ч1аго вукIаго, кваназеги хIалалаб букIунареблъи. ЧIаго вукIаго, кваназе х1алал гьабун, хун хадуб гьабизе хIарам гьабун - гьаб фатва данде ккеларо гIалимчиясул.

**Пенсиялде ине заманго щвечIого, гьересиял документаздалъун пенсия босулев чи вугони, гьев кколаха хIукуматалъул гIарац бикъулев чи. ХIукуматалъул мал бикъарав чиясе букIунеб жо гьесиеги букIинаха.**

Г1адатлъун билъанхъараб гIадаб жо буго, халкъалда жаниб х1алалаб, бацIцIадаб малги васияталъе нахъе тун, чIаго рукIаго, шубгьаяб-хIарамаб батIалъи гьабичIого, мал кванай. ХIакъикъаталдайин абуни, х1алалаб, бацIцIадаб малги нахъе тун, шубгьаяб, я х1арамаб ризкъи кваназе хIалаллъуларо. ТIагIинегIан *хIал*алаб кванала, цинги балагьила. ХIалалаб щвеч1они - шубгьаяб, гьебги щвечIони, - хIарамаб кванала рухI хвасарлъизег1ан къадар.

Къокъго абуни, инсанасда тIадаб буго жинда хIалкIванагIан хIалалаб ризкъи тIалаб гьабизе, киналниги лъикIал гIамалал - хIалалаб ризкъиялъул натижат бугелъул. Ай, лъикIал гIамалал, гIибадат- тIагIат инсанасулъ рижиялъе аслулъун ккола хIалалаб, бацIцIадаб ризкъи.

*Ч1ик1аса Саг1ид-Афанди, «Мажмуг1атуль Фаваид» т1ехьалдаса босараб.*

# БугътанчагIазде ва мацIихъабазде

Нилъеда гьоркьор гIемер дандчIвала гIамал-хасият сурарал гIадамал. Гьезде гьоркьоре уна мацIихъаби ва бугьтанчагIи.Гьез жигар бахъула цогидазда нахъасанги гаргадун, гьезул напс гIодобегIан гьабизе. Жал гIакъилалин ккеялъ, гьезда лъаларо жалго гIодорегIан гьарулел рукIин.

Бицунеб битIараб батани,гьез щай рагIи бадибе абулареб? Гьединазда рекъела гьал рагIаби:

***Росдал годекIанир харабазда гъорлъ,***
***ГIакъилал чагIилъун гаргадула нуж.***
***РагIаралде тIаде нужераб жубан,***
***ГIадамазда гьоркьоб бекьула питна.***

***Нужер гьел мацIазул кьогIлъи бихьарал,***
***БутIрулги кIирикIун нахъегIан къала.***
***Сурараб бицунел гьел нужер кIалал,***
***Рукъизе анищан ккола ракIалде.***

*Хайрудин ВИСАИТОВ, Калининаул росу.*

# Трудоустройство лиц, отказавшихся от участия в террористической деятельности

В целях обеспечения трудовой занятости лиц, добровольно отказавшихся от участия в террористической деятельности, и во исполнение пункта 3,5 Плана реализации решения Национального антитеррористического комитета от 13 октября 2015 года, утвержденного заместителем Председателя Правительства Республики Дагестана Р.Д.Джафаровым 5 ноября 2015г., Центром занятости населения «Казбековского района» проводит специальные мероприятия:

- Информирование населения о возможности трудоустройства, профессионального обучения и получения профессионального дополнительного образования в целях дальнейшего трудоустройства лип, добровольно отказавшихся от участия в террористической деятельности;
- Организация адресных мероприятий по социальной реабилитации лиц добровольно отказавшихся от участия в террористической деятельности;
- Психологическая поддержка лиц, добровольно отказавшихся от участия в террористической деятельности;
- Предоставление профориентационных услуг для лиц добровольно отказавшихся от участия в террористической деятельности.

*Директор ГКУ РД ЦЗН в МР «Казбековский район»*
***И.Э. ЯШАРОВ***

# ОМВД извещает...

С 25 по 31 марта 2017 года на территории Казбековского района было проведено оперативно-профилактическое мероприятие «Контроль трезвости», направленное на профилактику и недопущение дорожно-транспортных происшествий с участием водителей транспортных средств, управляющих транспортными средствами в состоянии опьянения.

***Начальник ОМВД, полковник полиции***
***А.Г.ХАЛИДОВ***

## Лъазаби

**Буртунай росулъ Гумаров Насрулаца (Нади) бичулеб буго на (най.) Телефон: 89894710532.**

*БетIерав редактор:*
*Мухтар Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамадшарип ГIабдулашимов*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка:*
*Марьям АтавхIажиева*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова*
*Типографиялъул адрес:*
*г. Хасавюрт, ООО "Типография №4".*
*Ул. Мусаева 42*

*Учредитель: администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул адрес: 368141 РД, Казбековский район, с. Дылым.*
*Индекс: № 51354*
*Заказ № 47 Тираж 1550*

*Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014г. ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*